

ÒTOPEDI NAN CHA

KONDISYON YO ANVAN OPERASYON RANPLASMAN JWENTI ANTYE



LIS POU ANVAN OPERASYON AN

Randevou

1. Otorizasyon Dantis

- _ Al wè dantis ou pou sèten ou pa gen risk enfeksyon.
- _ Fè dantis ou a siyen lèt otorizasyon nou ba w la.
- _ Pote li nan pwochen randevou òtopedi w lan oswa fè dantis ou a fakse l nan kabinè nou an.

2. Otorizasyon Doktè Swen Primè (PCP)

- _ Pran randevou pou yon vizit anvan operasyon.
- _ Fè PCP w la siyen lèt otorizasyon nou ba ou an epi remèt li nan kabinè nou an.
- _ Si w gen lòt pwoblèm medikal (paregzanp pwoblèm kè), ou gen dwa oblije wè lòt pwofesyonèl medikal pou lòt tès/otorizasyon.

3. Randevou pou Tès Anvan Admisyon (PAT)

- _ W ap gen yon televizit avèk yon manm ekip anestezi an.
- _ Y ap voye w nan youn nan laboratwa nou yo pou tès san 1-2 semèn anvan operasyon an.
- _ Ou dwe al nan randevou sa a nan lè li planifye a oswa y ap anile operasyon w lan.

4. Koutfil avèk Jesyonè Ka a

- _ Gen yo enfimye oswa yon travayè sosyal ki fè pati ekip jesyon Ka a k ap rele w pou diskite sou avantaj asirans ou ofri yo epi pou pale w de plan swen yo prevwa pou apre operasyon w lan.
- _ Tanpri verifye nimewo telefòn ki nan dosye w yo ajou.

5. Evalyasyon Fizyoterapi

- _ **Ranch/Jenou:** Asiste yon televizit avèk yon fizyoterapis pou l evalye kapasite ou kounye a pou w mache ak jan lakay ou ranje (saldeben, chanm, eskalye). L ap montre w tou kijan pou w sèvi ak wòkè apre operasyon w lan.
- _ **Zepòl:** Asiste yon televizit pou pare pou sèvi ak yon sèl bra apre operasyon an.

Kou

6. Kou sou Ranplasman Jwenti Antye

- _ Asiste yon kou sou entènèt oswa an pèsonn pou jwenn enfòmasyon sou operasyon ranplasman jwenti antye.
- _ Reponn yon kesyonè apre kou a.
- _ W ap bezwen yon kont imèl aktif ak koneksyon entènèt pou asiste kou sou entènèt la.
- _ Si w pa gen imèl/entènèt, ou kapab pran randevou pou yon kou an pèsonn endividyèl nan klinik òtopedi an.

KONTINYE NAN DO PAJ LA >

KONDISYON YO ANVAN OPERASYON

KONTINYE

Tès

7. Tès COVID-19 (Aplikatè nan Fon Nen)

- _ Tès la dwe fèt 48-72 èdtan anvan operasyon w lan.
- _ Si tès la negatif, ou kapab fè operasyon w lan jan li planifye a.
- _ Si li pozitif, w ap gen pou rete an karantèn pandan 14 jou anvan w kapab fè operasyon.

8. Tès MRSA (Aplikatè nan Nen)

- _ Avèk aplikatè nan nen sa a yo verifye si gen bakteri nan nen an ki gen pou wè ak enfeksyon.
- _ Si li pozitif, n ap kontakte w epi preskri yon ponmad pou nen pou w pase anvan operasyon an.

9. Tès Nikotin nan Pipi

- _ Ou dwe sispann sèvi ak tout pwodui ki gen nikotin (sigarèt, sigarèt elektwonik, patch, chiklèt, elatriye) omwen 1 mwa anvan operasyon an.
- _ Si w gen abitud fimen, w ap gen pou fè yon tès pipi anvan operasyon an pou konfime pa gen nikotin nan sistèm ou.
- _ Nou gen bagay ki disponib pou ede w kite.

10. Emogloblin A1C

- _ Si w ge antesedan dyabèt, nivo sik ou dwe byen kontwole.
- _ HbA1C ou (yon tès san pou verifye nivo glikòz ou) dwe pi ba pase 8.

11. Endis Mas Kòporèl (BMI)

- _ BMI ou se rapò ant wotè w ak pwa w, e li dwe pi ba pase 40.
- _ Nitrisyonis CHA yo disponib pou ede w jere pwa w.

Ekipman ak Founiti

12. Ekipman Medikal

- _ **Ranplasman ranch:** Ou bezwen yon wòkè ak yon syèj twalèt wo oswa yon chèz pèse lakay ou anvan w fè operasyon an. Li itil pou sèvi avèk dispozitif pou ede met chosèt ak pens manch long, elatriye.
- _ **Ranplasman jenou:** Ou bezwen yon wòkè lakay ou anvan operasyon w lan. Syèj twalèt wo oswa chèz pèse pou bon pou jenou.
- _ Mande pwofesyonèl medikal ou a yon preskripsyon. Si asirans ou pa kouvri bagay sa yo ou kapab jwenn yo nan famasi, nan kenkayri, ak sou entènèt.
- _ Si w pa gen lajan pou achte bagay sa yo ou kapab ale nan Pwogram Prè Mason an. Yo prete ekipman lopital/medikal dezyèm men gratis. Adrès yo se 500 West Cummings Park Suite 1150 nan Woburn. Yo ouvè nan samdi ant 9 am ak 12 pm.

13. Sèvyèt Mouye Kloreksidin

- _ Ou dwe sèvi avèk yo nan aswè lavèy operasyon an ak nan maten operasyon an dapre enstriksyon yo.
- _ Si tès MRSA w lan pozitif, w ap gen pou sèvi ak sèvyèt mouye yo pandan 5 jou.

Ou pa kapab fè operasyonn ranplasman jwenti antye a si w pa respekte kondisyon yo ki pi wo a.